

The National Do Not Call Registry: Kesyon yo poze souvan

1. Ki sa ki National Do Not Call Registry?

The National Do Not Call Registry (DNC) baw yon opòtinite pou limite apèl telemarketing ou resevwa yo.

2. Kouman pou mwen enskri?

Enskri sou entènèt nan <https://www.donotcall.gov> oswa pa telefòn lè l sèvi avèk liy telefòn ou vle enskri (lakay ou oswa selil) nan 1-888-382-1222. Nimewo telefòn yo ou mete sou DNC a ap rete nan rejis la, san ekspirasyon, sòf si nimewo telefòn lan ap dekonekte pou toutan epi yo bay yon nouvo konsomatè oswa ou chwazi pou efase li.

3. Kisa k ap pase apre mwen fin enskri?

Yon fwa ou fin enskri nimewo telefòn ou, telemarketers yo ki pa egzante de DNC gen jiska 31 jou soti nan dat ou enskri a pou sispann rele ou. DNC a pa pral sispann tout telemarketers yo. Ekzanpsyon yo gen ladanl apèl yo oswa sou non òganizasyon politik yo, òganizasyon charitab yo ak anketè telefòn yo. Konpayi yo ak ki ou deja gen yon relasyon biznis ka toujou relew (sof si ou mande pou yo mete nimewo w sou pwòp lis nimewo pou yo pa rele). (**pase**)



NATIONAL
DO NOT CALL
REGISTRY



Division of
Consumer Protection

Responsab ak defann pou konsomatè Nouyòk yo

Yon Divizyon Depatman Deta Nouyòk

<https://dos.ny.gov/consumerprotection>
Hotline: 1-800-697-1220

Gouvènè Kathy Hochul
Sekretè Deta Rossana Rosado

The National Do Not Call Registry: Kesyon yo poze souvan

4. Kisa mwen ta dwe fè si mwen toujou ap resevwa apèl telemarketing yo aprè mwen fin enskri?

Si nimewo ou te sou DNC depi omwen 31 jou epi ou resevwa yon apèl nan men yon telemarketer (an dirèk oswa anrejistre) ke ou santi ou pa egzante de DNC, ou ka depoze yon plent sou sit entènèt rejis la. nan www.donotcall.gov oswa lè w rele nimewo gratis rejis la nan 1-888-382-1222 (TTY: 1-866-290-4236).

5. Ki sa ki robocalls?

Robocalls yo se apèl pre anrejistre yo ye espontaneman ki pa soti nan telemarketers.. Telemarketers yo pa gen dwa fè robocalls san ou pa eksprime konsantman ou. Règleman sa a aplike kèlkeswa si nimewo telefòn ou anrejistre sou DNC.

6. Èske tout “robocalls” yo pre-anrejistre yo ilegal?

Non. apèl anrejistre yo bay enfòmasyon sèlman, tankou reta sou transpò yo ak rapèl sou randevou yo, yo pèmèt osi lontan ke moun kap rele a pa vann machandiz oswa sèvis yo. Apèl politik yo ak apèl ki soti nan founisè swen sante yo (pa egzanp, famasi ou a), operatè telefòn yo, ak òganizasyon charitab yo tou otorize

7. Kisa mwen ta dwe fè si mwen resevwa yon robocall ilegal?

Rapòte apèl la bay FTC sou entènèt nan www.donotcall.gov oswa lè w rele 1-888-382-1222 epi bay otan enfòmasyon ke posib sou apèl la.

Pou plis enfòmasyon sou robocalls, ou ka vizite: www.fcc.gov/guides/robocalls

HT



**Division of
Consumer Protection**

**<https://dos.ny.gov/consumerprotection>
Hotline: 1-800-697-1220**

Abogar por y empoderar a los consumidores de Nueva York

Una división del Departamento de Estado de Nueva York

Gouvènè Kathy Hochul
Sekretè Deta Rossana Rosado